



PO Box 66699; Albany, NY 12206
nysif.com

New York State Insurance Fund

Chè asirè,

Pou reponn a pandemi kontinyèl kowonaviris la, Gouvènè Cuomo te pibliye yon lòd egzekitif ki dirije a konpayi asirans yo, pou 60 jou kap vini yo, pou sispann anilasyon sèvis pou peman ki pa fèt, sispann non renouvèlman sèvis yo, epi sispann renouvèlman kondisyonèl pou kontra asirans travayè ak enfimite pou patwon ki gen 100 oswa mwens anplwaye. Nou bat bravo pou tout etap ke Gouvènè a te pran pou fè fas ak kriz sa a, epi pou bay soulajman pou biznis ak travayè yo. NYSIF konfòme ak lòd egzekitif sa a, ak direktiv ki asosye nan Depatman Sèvis Finans.

An plis, NYSIF ale pi lwen de kondisyon ki nan lòd egzekitif sa a, e bay kliyan nou yo asistans adisyonèl. Anvan lòd la, nou te anonse mezi sa yo pou bay soulajman a kliyan nou yo:

- Nou pral travay ak nenpòt ki biznis, kèlkeswa gwochè, si mwens oswa pi gran pase 100 anplwaye, pou ajiste peman prim yo, nan yon nivo ki fasil pandan kriz aktyèl la.
- Nou pral travay avèk ou pou bese pwojeksyon pewòl yo ki reflete kondisyon aktyèl yo, kidonk ki lakòz prim asirans yo pi ba.
- Nou pral travay avèk ou yo pou ajiste orè peman pou prim yo ki reflete sa ou kapab peye, san yo pa bezwen pè anile.
- Nou pral travay avèk ou yo pou ajiste orè peman pou prim yo, akòz yo soti nan balans kontwòl kontab yo.
- Nou pral travay avèk ou pou repwogramme verifikasyon konpansasyon travayè yo, oswa pou pèmèt dosye yo gen yon kontwòl sou plas.
- Nou deja sispann e anile pou peman ki pa fèt yo-, ansanm ak chaj enterè, frè tranch, ak frè an reta pou asirè ki gen difikilite finansye akòz COVID-19.
- Tout akomodasyon sa yo, ap rete an vigè, jiskaske sikostans yo amelyore. Nou pa limite mezi sa yo nan pwochen 60 jou yo.
- Anplis, ou pa janm bezwen enkyete pou yon renouvèlman oswa renouvèlman kondisyonèl ak yon kontra asirans NYSIF. NYSIF pa bay renouvèlman kondisyonèl oswa renouvèlman kondisyonèl.

Si kowonaviris afekte biznis ou, tanpri kontakte rezantant politik ou a touswit (utilize the Get Policy Help lyen pou jwenn paj entènèt pa nou an, oswa nan nysif.com/COVID19) pou ajiste pewòl ou ak prim ou. Fè nou konnen si ou bezwen ajiste kondisyon peman prim ou oswa si ou paka peye prim ou an. Si ou se youn nan kèk biznis ki gen pewòl ki te ogmante dènyèman, tanpri kontakte nou touswit, pou ou ka evite yon bòdwo sipriz nan lavni..

Mèsi,
NYSIF